



Resous nan Vil New York pou Biznis kap Re-Louvri – Faz 1

Men Kat Meyè Abitud Moun Dwe Swiv pou Kenbe Vil New York San Danje ak Ansante

1. Si ou malad, rete lakay ou
2. Kenbe yon distans fizik
3. Mete pwoteksyon pou kouvri figi w
4. Se pou men w toujou pwòp

Si w se yon biznis kap relouvri:

Nan Lendi 8 Jen, Vil New York pral antre nan Faz 1 pou l relouvri. Kèk nan biznis kap relouvri yo se biznis manifakti, komès ki vann angwo, ak komès ki vann an detay men se sèlman pou pase chèche sèlman oswa pou depoze devan twotwa oswa anndan magazen an. Sektè konstriksyon ak sektè agrikòl, lachas, eksplwatasyon forè ak endistri lapèch ap relouvri tou.

Premye sa pou w gade se direktiv [New York Avanse nan Eta New York \(New York State New York Forward\)](#) – pou biznis yo relouvri, fòk yo li ak sètifye manda Eta a etabli yo.

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) kreye nan yon langaj fasil [Kesyon Moun Poze Souvan yo \(FAQ\) pou chak sektè](#) kap relouvri nan Faz 1, konfòmman ak direktiv Leta New York etabli. Anplisdesa, Depatman Sèvis pou Ti Biznis (Department of Small Business Services, SBS) kreye [ti feyè senp sa a](#) pou biznis yo ak travayè yo.

Sipò pou Biznis yo

Sipò nan direktiv suivan yo: Rele **888-SBS-4NYC**

Asistans ak plan sekirite yo egzije w la: [Modèl sa a](#) ki soti nan Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) sèvi kòm gid pou montre biznis yo kijan pou yo kreye pwòp Plan Sekirite yo. Yo oblije afiche plan sekirite sa yo sou plas.

Yon modèl zouti depistaj: Ou ka itilize [Zouti Depistaj Sentòm COVID-19 \(COVID-19 Symptom Screening Tool\)](#) DOHMH genyen pou fè depistaj. Anplwayè yo oblije fè depistaj sante pou anplwaye yo chak jou.

Pi bon pratik pou netwaye: DOHMH kreye [Direktiv pou Netwaye/Dezenfekte Anviwònman ki Pa Anviwònman Swen Sante](#) pou l gide biznis yo atravè pwotokòl netwayaj apwopriye ki etabli yo.

Panno Afichaj: DOHMH bay [postè pou enprime](#) nan plizyè lang. Biznis yo oblije afiche panno afichaj sou pwotokòl distans sosyal yo. Pami postè sa yo genyen:

- [Pa Kite Li Pwopaje](#)
- [Distans Sosyal](#)
- [Kouvri Bouch Pou Touse](#)
- [Lave Men Ou](#)

Pwoteksyon pou kouvri figi gratis: Biznis yo ka pase pran 5 mask pou chak anplwaye nan [60+ lokal](#) atravè vil la. Vil la ap bay ti biznis yo yon total 2 milyon mask pou figi, gratis.

Sipò Finansye: Ti biznis yo kraze devanti yo poutèt piyaj kapab soumèt yon aplikasyon pou yo resevwa jiska [\\$10,000 dola pou reparasyon](#). Pwogram sa a pral kòmanse nan Bronx epi lap elaji nan lòt minisipalite yo.



Enspeksyon

Se Biwo Ranfòsman Espesyal (Office of Special Enforcement, OSE) ki gen anplwaye ki nan divès ajans ki pral kowòdone enspeksyon ki obligatwa pou relouvri biznis yo. Enspeksyon yo pral fèt defason pwo-aktif pou ankouraje pratik sekirite atravè vil la, epi yap fè enspeksyon yo pou reponn ak plent yo fè nan 311 tou. Enspektè yo pral konsantre yo sou sansibilizasyon ak edikasyon pou ede biznis yo suiv direktiv yo, epi yap pran mezi ranfòsman yo nan ka eksepsyonèl yo sèlman oswa si vyolasyon yo pèsiste.

Ou ka byen rankontre kèk enspektè ki soti nan Biwo Sherif la (Sheriff's Office), Depatman Ponpye (Fire Department, FDNY), Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection, DEP), Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP), Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), DOHMH, ak OSE. FDNY pral antreprann enspeksyon pou biznis kap relouvri ansanm ak enspeksyon woutin pou anpeche ensandi. Tout enspektè yo pral resevwa menm antrènman an epi yap kowòdone entèvansyon yo.

Si w se yon travayè

Travayè yo ka rele **311** pou yo konekte yo ak liy asistans Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (DCWP), pou yo pote nenpòt plent sou anplwayè yo, oswa si yo gen kesyon ki gen rapò ak milye travay la (kòm paregzanp sou Peman Asire ak Konje Maladi).

Pou ka gen plis enfòmasyon sou kisa travayè yo dwe konnen, [gade dokiman sa a kap ede w](#) ak lòt resous ankò nan [sitwèb DCWP a](#).

Rele 311 pou plis enfòmasyon

Nenpòt moun ka rele **311** pou pote yon plent sou yon biznis ki pa suiv direktiv yo. Se yon enspektè biznis ki nan OSE oswa nan yon ajans patnè ki pral resevwa plent lan (gade nan '**Enspeksyon**' anwo a).

Nenpòt moun ka rele **311** pou pote plent poutèt distans sosyal. Yo pral refere plent sa yo bay Depatman Lapolis New York (NYPD).

Resous Anplis

Kite makè yo sou sitwèb sa yo. Enfòmasyon sou COVID-19 ak egzijans yo chanje toutan.

- [PòtayNYC COVID-19](#) – nyc.gov/coronavirus – Suiv lyen pou [Biznis & Òganizasyon ki pa travay pou pwofi](#) yo
- [Sitwèb NYC DOHMH](#) – nyc.gov/doh – Suiv lyen yo pou [COVID](#) ak [Direktiv pou biznis](#) oswa [Postè & Feyè yo](#) pami lòt resous yo
- [BiznisNYC \(NYC Business\)](#) – nyc.gov/nycbusiness – Avèk lyen sou direktiv pou relouvri, sou distribisyon pwoteksyon pou kouvri figi gratis ak sou finansman
- [NYC 311](#) – <https://portal.311.nyc.gov> – Suiv lyen pou [Kowonaviris \(COVID-19\) la ak Lavi nan Vil](#) la
- [NY Forward](#) – forward.ny.gov – Sitwèb Eta NY ak konsèy legal
- [Depatman Bilding NYC \(NYC Department of Buildings, DOB\)](#) – nyc.gov/buildings – enfòmasyon sou sektè konstriksyon an